



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



AVI REKRITMAN

Tit pòs la: Direktè Syantifik

Enstitisyon : Akademi Kreyòl Ayisyen

Dat limit validite : 3 Oktòb 2025

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) se yon Enstitisyon Leta endependan ki genyen misyon pou li :

- Fè pwomosyon pou lang kreyòl, an patikilye lang kreyòl ayisyen, toupatou nan peyi a epi nan dyaspora ayisyen an ;
- Devlope zouti ak enstriman estandardizasyon pou lang kreyòl ayisyen an, bay lang la estati ak prestij li merite nan sisyente a ;
- Travay pou dwa lengwistik pèp ayisyen an respekte toupatou nan peyi a.

Biwo prensipal AKA tabli nan Pòtoprens men aksyon ak aktivite li yo touche tout peyi a epi dyaspora ayisyen an.

AKA ap chèche yon **Direktè Syantifik** (fanm oswa gason). Objektif prensipal pòs la se : anchaje epi enpleamente pwogram syantifik Akademi an ; direktè syantifik la ak ekip li ap pote Pwogram Rechèch AKA yo sou baz lojik, kolaboratif, syantifik, pwofesyonèl, kiltirèl epi kolektif.

Prensipal travay Direktè Syantifik la :

Anba sipèvizon Sekretè Egzekitif la (SE) epi avèk kolaborasyon ekip Direksyon Syantifik la (DS), Direktè Syantifik la responsab montaj, ancadreman, komunikasyon, konduit ak reyalizasyon pwojè rechèch inovan sou pratik lang ak langaj kreyòl la :

- Monte yon ekip validasyon sou enterè syantifik, pwofesyonèl, kiltirèl ak sosyal pou chak tematik rechèch ;
- Kondui pwojè rechèch sou tout teritwa a epi fè demach ki nesesè pou reyalize pwojè yo ;
- Prepare pwotokòl ankèt ak prensip rechèch yo sou teren an ;
- Monte ekip rechèch yo epi delimite tematik rechèch yo;
- Asire swivi travay ekip rechèch yo ;
- Pwograme kalandriye travay konsiltan yo oswa teknisyen ki ap fè rechèch nan enstitisyon patnè Akademi an ;
- Kòdone atelye travay nan kad reyalizasyon pwojè yo ;
- Prepare pwotokòl ak prensip nan chak atelye travay ;
- Asire swivi travay nan kad atelye yo ;
- Prezante rezulta rechèch yo bay Akademisyen yo ;
- Kòdone pwodiksyon Revi syantifik Akademi an;



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

Republik Ayiti



Pwofil kandida a

- Fòmasyon inivèsitè (nivo metriz pou pi piti, doktora se yon atou) nan domèn lengwistik ak syans langaj;
- Metrize lang kreyòl ayisyen an nan pi wo nivo komunikasyon fòmèl, ni aloral, ni alekri,
- Genyen senk (5) ane eksperyans pou pi piti nan dirije travay rechèch (rechèch sou lang kreyòl an patikilye) ;
- Genyen kapasite pou egzèse lidèship pozitif ak travay sou presyon.

Kijan kandida a kapab aplike:

Voye yon CV ajou, kopi diplòm ak atestasyon, yon lèt motivasyon, yon lèt rekòmandasyon ak de (2) foto idantite resan nan adres imel Akademi an enfomasyon@akademikreyol.net pou pita 3 Oktòb 2025, oswa pase depoze dosye kandidati a nan lokal AKA ki nan 20, Avni Lamartinière (Bwa Vèna).

(+509) 3333-0815 / 3333-0816 | enfomasyon@akademikreyol.net
[www.https://www.akademikreyol.net](https://www.akademikreyol.net)



20, Avni Lamartinière, Bwa Vèna, HT 6116, Pòtoprens, Ayiti